

## **TINDAK TUTUR NGAJAK NGOPI ING KABUPATEN PONOROGO**

**Rizky Hastana Eskanda**

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
rhastana@gmail.com

**Dr. Murdiyanto, M. Hum**

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo minangka salah sijine tindak tutur ilokusi direktif kang isih digunakake masyarakat ing Kecamatan Bababan, Kabupaten Ponorogo. Paedah teoritis saka panliten iki yaiku panliten iki diajab muga-muga bisa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakane ilmu pragmatik kang wis ana sadurunge lan menehi sumbangsih tumrap ngrembakane sintaksis basa Jawa jinis ukara ngajak, mligine ngajak ngopi. Paedah praktise kanggo dhasar nindakake ngajak, uga kanggo ngrembakane materi ajar basa Jawa ing sekolahan, mligine wicara Jawa.

Teori kang digunakake yaiku teori kang diandharake dening Levinson minangka pengembangane saka teorine Searle. Levinson ngandharake yen tindak tutur ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala jarak sosial, status sosial panutur lan mitra tutur, lan tindak tutur utawa bobot imposisi. Jinise lageya pangajakane panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo diperang dadi patang perangan, yaiku (1) blaka langsung, (2) blaka ora langsung, (3) ora blaka langsung, (4) ora blaka ora langsung. Jinise pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo uga diperang dadi patang perangan, yaiku (1) nampa kanthi pocapan, (2) nampa kanthi solah bawa, (3) nampik kanthi pocapan, (4) nampik kanthi solah bawa.

**Tembung wigati:** Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, Lageyan pangajake panutur, pananggape mitra tutur, konteks.

### **PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) ancane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

### **Landhesane Panliten**

Warga ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo iki mujudake salah sijine tindak tutur direktif kang kerep digunakake dening masyarakat Kecamatan Bababan Kabupaten Ponorogo sajrone cecaturan. Masyarakat Kecamatan Bababan kerep nindakake tindak tutur ngajak ngopi, karana ngopi ing Ponorogo kuwi wis dadi tradhisi sing ora ana watesan umur lan tingkatan sosiale. Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo iki klebu tindak tutur direktif kang mligi, bab iki disebabake masyarakat Kecamatan Bababan Kabupaten Ponorogo nduweni titikan kang mligi lan ngegla tinimbang tindak tutur ngajak ngopi ing dhaerah liya. Titikan sing mbedakake tindak tutur ngajak ngopi ing Kecamatan Bababan Kabupaten Ponorogo karo dhaerah liyane, yaiku dititiki saka anane tembung ngangkring 'ngopi' lan anget-angetan 'ngopi'.

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo (sabanjure TTNNKP) kadadeyan karana

panutur nduweni kekarepan supaya mitra tutur gelem nindakake apa kang dituturake dening panutur utawa gelem melu nglakoni karepe panutur. Tindak tutur ngajak kalebu tindak tutur kang wigati, amarga yen ngajak wong liya kuwi kudu nggunakake basa kang prayoga lan kudu ngerteni marang sapa lan empan papan. Ngucapake guneman ngajak sing becik, bisa ndayani panampane mitratutur kanthi becik.

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo mligine ing kecamatan Bababan iki ditindakake kalangan rumaja nganti wong tuwa. Ngajake rumaja luwih nggriseni tinimbang pangajake wong sing luwih tuwa, disebabake apa kang dikarepake dening umur-umur rumaja kuwi umume kudu ditindakake. Bab iki jumbuh karo panemune Chaer (2010:65) yen saya enom umure panutur saya cendhek tingkat kesantunane.

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo luwih ketara utawa luwih ngegla ketimbang tindak tutur liyane kayata tindak tutur ngongkon, ngabari, menging lan sak panunggale. TTNNKP anggone medharake nggunakake tembung pangajak sing langsung, ora langsung, nanging uga ana sing nggunakake tembung samudana. Tembung sing digunakake uga beda karo tindak tutur ngajak ngopi ing dhaerah liya. Tuladhane ukara ngajak ngopi yaiku "Cara dirembug karo ngangkring ngono rak ya saya penak?" "Cara dirembug

karo ngopi rak ya saya penak?'. Tuladha kasebut kalebu tuladha ngajak ngopi sing ora langsung, amarga panutur nawani tumrap mitratutur ngenani apa sing dikarepake panutur. Wis dadi adate wong kulonan, mligine dhaerah Ponorogo yen ngrembug prakara penggaweyan utawa ngenani bab liya dirembug ana ing 'angkring' amarga luwih bisa nyedhakake antarane panutur lan mitratutur. Tembung "ngangkring" kuwi wis dadi titikan mligi tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo.

Ing buku-buku paramasastra Jawa isih durung ana kang ngandharake kanthi gamblang ngenani ukara ngajak. Buku-buku paramasastra *Javaansche Spraakkunst* (Killian, 1919), *Inleiding Tot Het Modern Javaans* (Ras, 1985), *Javaansche Spraakkunst* (Prijoetomo, 1937), kang kudune diandharake jebul ora ditemokake jinise ukara ngajak. *Karti Basa* (Kementrian Pengadjaran dan Keboedajaan, 1948:15), kudune luwih cetha ngandharake bab pangajak, nanging ing buku iki mung nglebokake ukara ngajak kalebu ukara pakon kang nggunakake lagu pocapan rada alus, ora dijlentrehake kanthi gamblang ngenani bab ngajak, mligine tindak tutur ngajak ngopi. Panutur nindakake TTNNKP awit nuduhake marang wong kang arep dijak, supaya wong kang dijak ngopi gelem melu lan ngancani nindakake apa kang dikarepake panutur yaiku ngancani ngopi.

Adhedhasar struktur sosial, panliten tindak tutur kudu ngerteni sapa kang nindakake utawa paragane, amarga didulu saka kang mujudake tindak tutur iku bisa dingerteni paedah lan dayane. Saliyane struktur sosial kang kudu digatekake yaiku relasi sosial. Wondene relasi sosial iki nemtokake tindak tutur kang ana ing masyarakat. Ana apa ora sesambungan kang raket utawa ora raket dadi dhasar tindak tutur ngajak, mligine tumrap panutur lan pananggape mitra tutur. Tuladhane kayata dhata TTNNKP ing ngisor iki:

- (1) P : Ayo ngopi?  
'Ayo ngopi?'  
MT : Neng ngendi?  
'Dimana?'  
P : Neng panggon biyasane.  
'Ditempat biasanya.'  
MT : Oke budhal.  
'Oke berangkat.'

Adhedhasar tuladha ing ndhuwur bisa dimangerteni panutur ngajak mitra tuture ngopi kanthi ukara langsung supaya mitra tuture luwih gampang mangerteni kekarepane panutur. Panutur ing kono nggunakake basa ngoko amarga antarane panutur lan mitra tutur kekancan raket. Ing kene panutur ngarepake mitra tutur gelem nindakake apa kang dikarepake dening panutur.

Teori tindak tutur sing kawitan yaiku teorine Austin (sajrone Nababan, 1987:18) kang merang tindak

tutur adhedhasar isine tuturan dadi lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Sadurunge lair teori tindak tutur Austin, Fishman ing taun 1971 wis ngandharake ngenani konsep domain (Ibrahim, 1994:75). Bab sing nemtokake domain miturut Fishman (sajrone Ibrahim, 1994:76) yaiku bab sing diomongake, sesambungan kalungguhan antarane partisipan lan setting. Konsep ngenani domain iki banjur dadi dhasar tuwuhe teori tindak tutur Austin. Austin (sajrone Ibrahim, 1993:129) ngandharake yen tindak tutur ditindakake adhedhasar kepentingane dhewe lan nuduhake kalungguhane panutur ing kelompok tartamtu. Kanthi dhasar kuwi mula miturut Austin struktur sosial menahi daya pangaribawa tumrap tindak tutur. Searle (sajrone Nadar, 2009:4) ngandharake yen cara negesi pocapan kuwi gumantung kahanan sajrone konteks. Searle (sajrone Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika omong-omongan. Kanthi dhasar kasebut genah yen miturut Searle sing menahi daya pangaribawa tindak tutur dudu struktur sosial nanging relasi sosial. Ing taun 1980-an Levinson nemokake teori tindak tutur sing bisa nempukake panemune Austin lan Searle. Miturut Brown & Levinson (1987) tindak tutur kena daya pangaribawa *jarak sosial (social distance, D)*, *kewenangan relative (relative power, P)*, lan *tingkat imposisi saka tuturan (absolute ranking of imposition, R)*. kanthi dhasar ing ndhuwur mula struktur sosial, relasi sosial lan norma sosial menahi daya pangaribawa tumrap tindak tutur mligine TTNNKP.

Kanthi tuladha lan jlentrehan ing ndhuwur, panliti nggunakake teori saka Austin (1962:703) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusi, (2) ilokusi, lan (3) perlokusi. Banjur Searle (sajrone Rahardi, 2003:72) nggolongake tindak tutur ilokusi dadi limang wujud tuturan kang nduweni fungsi komunikatif yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif. Sajrone panliten iki, TTNNKP klebu ing tindak tutur ilokusi direktif. Teori saka Austin lan Searle kasebut banjur disengkuyung nggunakake teori tindak tutur saka Levinson. Levinson (sajrone Chaer, 2010:6) ngandharake yen tindak tutur kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur, (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*.

Tindak tutur ngajak ngopi mujudake tindak tutur kang narik kawigatene panliti awit durung ana buku-buku kang ngandharake tindak tutur ngajak mligine tindak tutur ngajak ngopi. Kayata bukune Ibrahim (1993) lan bukune Nadar (2009) mung ngandharake yen tindak tutur ngajak klebu perangan tindak tutur ilokusi direktif. Adhedhasar alasan kasebut panliti nindakake panliten iki, lan panliten iki ditindakake kanggo mangerteni wujud

lageyan pangajake panutur lan pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing kecamatan Bababda kabupaten Ponorogo.

### **Punjer Panliten**

Punjere panliten adhedhasar landhesane panliten yaiku ana ing ngisor iki :

- (1) apa wae jinise lageyan pangajake panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo?
- (2) apa wae jinise pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo?

### **Ancasee Panliten**

Adhedhasar punjering panliten, ancase panliten iki yaiku:

- (1) ngandharake lan njlentrehake jinise lageyan pangajake panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo.
- (2) ngandharake lan njlentrehake pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo.

### **Paedah Panliten**

Paedah sajrone panliten iki ana loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Apa iku paedah praktis lan paedah teoritis bakal dijlentrehake ana ing kene.

Paedah teoritis saka panliten iki yaiku panliten iki diajab muga-muga bisa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakane ilmu pragmatik kang wis ana sadurunge. Saliyane iku, panliten iki uga bisa migunani ing ngrembakane kajian tindak tutur lan kasampurnaning babagan basa (*Linguistik*). Asil panliten iki uga menehi sumbangsih tumrap ngrembakane sintaksis basa Jawa jinis ukara ngajak, mligine ngajak ngopi.

Paedah praktis saka panliten iki yaiku asil panliten iki bisa menehi paedah kanggo ngrembakane materi ajar basa Jawa ing sekolahan, mligine wicara Jawa. Asil panliten iki bisa kanggo dhasar nindakake ngajak, mligine ngajak ngopi kang bener lan pener, sarta bisa kanggo pasinaon tumrap para pamaos sajrone nyinaoni basa Jawa, mligine bab tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo kanthi dhasar lageyane panutur lan pananggape mitratutur.

Panliten ngenani tindak tutur ngajak ngopi ing kecamatan Babadon kabupaten Ponorogo klebu bab sing durung tau diteliti. Adhedhasar cara panutur ngajak ngopi marang mitra tutur kang maneka warna, panliti banjur nлити bab kasebut amerga narik kawigatene panliti. TTNNKP iki banjur diperang miturut lageyan pangajake panutur lan pananggape mitra tutur, TTNNKP uga digayutake marang konteks sosial panutur lan mitra tutur nalika dumadine tindak tutur.

### **Watesane Panliten**

Panliten iki ana wates-watese perkara kang kudu ditindakake dening panliti, amrih panliten iki ora nggrambyang lan mbleber tekan ngendi-endi. Kang kapisan yaiku basa Jawa kang dienggo cecaturan ing masyarakat Ponorogo. Kaping pindhone nлити punjere perkara kanthi dhasar konteks sosial. Konteks sosial kuwi ing njerone ana struktur sosial, relasi sosial, norma sosial lan kahanan sosial. Kang pungkasan panliten iki bakal nлити jinise lageyane panutur lan pananggape mitratutur tumrap tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo.

### **Panjentrehe Tetembungan**

Tetembungan-tetembungan wigati sing digunakake ing panliten iki diandharake ing ngisor iki. Tetembungan wigati ing ngisor iki bakal dijlentrehake miturut sumber sing ana lan nyapa ta dijlentrehake supaya pamaca mangerteni ngenani tembung sing wigati ing panliten iki.

#### **1) Ngopi**

Sajrone Baoesastra tembung ngopi kuwi nduweni teges ngombe wedang kopi, tegese yaiku pawongan sing nindakake pakaryan ngombe wedang kopi. Pakaryan ngopi iki bisa ditindakake sapa wae lan ora ana watesan umure, wiwit bocah nganti wong tuwa lan wadon utawa lanang bisa nindakake pakaryan iki.

#### **2) Tindak Tutur Ngajak**

Sajrone Baoesastra ngajak ngono linggane saka bakale tembung “jak” kang tegese akon melu, kang dimaksud ngajak yaiku panutur nduweni karep supaya mitra tutur gelem melu karo apa kang diwedharake dening panutur.

#### **3) Lageyane Panutur**

Pranowo (2001:993) ngandharake lageyan kuwi tegese salah tingkah sing wis dadi kamanuhan. Saka andharan kuwi bisa dingerteni yen tegese lageyane panutur yaiku salah lan tingkah panutur sing bisa diweruhi nalika nindakake TTNNKP kanthi cara blaka, ora blaka, langsung lan ora langsung.

#### **4) Pananggape Mitratutur**

Pranowo (2001:993) ngandharake tembung tanggap tegese nggape, nampa, mangsuli, nindakake. Pananggape mitratutur yaiku wangsulan utawa panampane mitratutur tumrap lageyane panutur anggone nindakake TTNNKP. Mitra tutur bisa nanggapi lan nampa kanthi pocapan, nampa kanthi salah bawa, nampik kanthi pocapan, lan nampik kanthi salah bawa.

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Ing bageyan iki isine panliten ngenani tindak tutur lan tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten

Ponorogo, konsep-konsep tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, lan teori-teori kang digunakake sajrone panliten iki.

### 1. Pragmatik

Pragmatik mujudake cabang ilmu basa kang ing wektu iki saya misuwur senadyan ing rong dasa warsa kapungkur ilmu iki wis arang sinebut maneh dening para ahli basa. Bab kasebut dilandhasi dening sadhare para linguis yen kepengin ngupayakake hakikat basa tanpa ana asile yen ora didhasari kanthi anane pemahaman ngenani pragmatik, kang ateges kepriye iku digunakake sajrone komunikasi (Leech 1993,1; Wijana, 1996,4).

Cundhuk karo apa kang diandharake Wijana (1996:03) yen pragmatik yaiku ilmu basa kang ngandharake maksud tindak tutur saka panutur lan nduweni sesambungan karo apa kang diucapake dening panutur. Tindak tutur yaiku tumindak basa kang nduweni maksud tartamtu lan bisa dilairake kanthi eksplisit utawa implisit, gumantung konteks kang ana sajrone wedharane. Aspek-aspek saka situasi tutur yaiku (a) panutur lan lawan tutur, (b) konteks tuturan, (c) tujuan tuturan, (d) tuturan minangka wujud tindakan utawa aktivitas lan (e) tuturan minangka produk tindak verbal (Wijana, 1996:10).

### 2. Konsep-konsep ing Panliten iki

Tindak tutur yaiku salah sawijine bab kang diandharake ing pragmatik. Dene kang dadi tema ing panliten iki yaiku, tindak tutur ilokusi direktif kanthi topik ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo. Konsep-konsep kang digunakake yaiku (1) ngajak ngopi ing Ponorogo minangka tindak tutur direktif. (2) teges lan titikane tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, (3) wujud ukara ing tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, (4) jinis lageyane panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, (5) jinise panangape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, lan (6) konteks ing tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo.

(Surana, 2015) *penutur atau partisipan merupakan peserta tutur dalam suatu interaksi dan komunikasi yang terdiri penyapa atau pesapa dan pendengar, dan mereka memiliki peranan penting dan saling mempengaruhi.* Kutipan kasebut cundhuk karo panliten iki yen tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo dumadi antarane panutur lan mitra tutur sing nduweni pangribawan siji marang sijine.

#### a. Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo minangka Tindak Tutur Direktif

Ngajak yaiku kecarepane kang diucapake supaya wong kang sing diajak guneman nindakake apa kecarepane. Dene Ibrahim (1993:29) nglebokake pangajak ing jinis tindak tutur direktif. Tindak tutur direktif yaiku salah siji pamerange tindak tutur ilokusi sing gunane menahi daya pangaribawa marang mitra tutur kanggo nindakake samubarang. Tindak tutur direktif uga diarani tindak tutur impositif. Kang kalebu ing tindak tutur iki yaiku njaluk, ngajak, ngongkon, mrentah, nantang.

#### b. Teges lan Titikane Tindak Tutur Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo yaiku tindak tutur direktif kang ditindakake dening masyarakat Ponorogo, basa kang digunakake yaiku basa Jawa. TTNNKP iki nduweni tujuan supaya mitra tutur gelem nindakake kecarepane panutur yaiku 'ngopi'. Titikane yaiku anane tembung "ngangkring" lan "anget-angetan" ing sajrone tembung pangajake panutur.

(Basir, 2015) *dialeg dalam sebuah daerah juga menjadi faktor untuk menentukan acuan dasar sebuah penelitian.* Kutipan kasebut selaras karo titikan saka TTNNKP iki amarga ing panliten iki titikane luwih cundhuk marang dialeg saka dhaerah kasebut.

#### c. Wujud Tuturan ing Tindak Tutur Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo

Wujud tuturan ing tindak tutur ngajak ngopi Kabupaten Ponorogo bisa awujud tembung, frasa, lan klausa. (Adipitoyo, 2015) uga ngandharake yen wujud tuturan sajrone tindak tutur luwih nengenake wujud tembung, frasa, lan klausa.

### 3. Konteks Sajrone Tindak Tutur Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo

Konteks sosial ing TTNNKP menahi daya pangaribawa kang gedhe. Konteks sosial yaiku relasi sosiokultural kang njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika omong-omongan. Konteks sosial sajrone TTNNKP diperang dadi telu yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Searle (sajrone, Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosiokultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika cecaturan. Sajrone konteks sosial ana struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur sosial kuwi nengenake ngenani kalungguhane panutur lan mitra tutur ing bebrayan. Kalungguhan kuwi bisa disawang saka status ekonomi sosial, jinis kelamin, umur lan jabatan. Nalika nindakake tumindak basa, kang dadi panutur lan mitra tutur kudu ngerti ana struktur sosial kang ngronce tumindake, panganggone guneman lan interpretasi pocapan saka mitra tutur (Wijana, 1996:46). Relasi sosial yaiku ngenani sesambungan

antarane panutur lan mitra tutur. Kang kalebu ing relasi sosial yaiku sesambungane paseduluran kang raket lan ora raket sesambungane kekancan sing raket lan ora raket, sarta sesambungane tangga kang cedhak lan adoh. Dene kahanan sosial diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi.

#### **TATA CARANE PANLITEN**

Ing panliten iki panliti nggunakake metode semak lan metode guneman kanggo nglumpukake dhata panliten. Diarani metode semak awit cara sing digunakake kanggo ngolehake dhata yaiku kanthi cara nyemak pawongan sing nggunakake basa (Mahsun 2005:92). Mahsun (2005:95) uga ngandharake yen metode guneman cara kang digunakake kanggo ngolehake dhata kanthi cara cecaturan antarane panliti karo informan lan subjek.

Metode nyemak bisa dilakoni kanthi limang teknik yaiku teknik sadap, teknik semak, teknik rekam, teknik semak libat cakap, lan teknik cathet. Teknik-teknik sajrone metode iki kang bakal digunakake panliti kanggo nggolek dhata tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo.

Teknik sadap yaiku panliti anggone nggolek dhata kanthi cara nyadap (ndhelik-ndhelik) supaya antuk dhata tindak tutur ngajak ngopi. Teknik semak melu gunem yaiku nduweni karep yen panliti melu guneman lan nyemak, melu omong sajrone guneman sinambi nyemak. Dene teknik nyemak tanpa melu guneman nduweni teges yen panliti mung nyawang sinambi nyemak tanpa melu guneman. Teknik sabanjure yaiku teknik cathet, tegese yaiku nyathet sakabehe wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara. Teknik-teknik kang diandharake kasebut minangka teknik-teknik kang digunakake sajrone nglumpukake dhata ing sajrone panliten iki.

Panganggone teknik-teknik ing ndhuwur dilarasake karo kahanane subjek panliten. Dhata kang dibutuhake wujudé lisan, banjur dipilah-pilah miturut kontekse. Adhedhasar struktur sosial dhata digolongake adhedhasar umur, jinis kelamin lan status ekonomi sosial. Saka perangan umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (1-13 taun), umur enom (14-30 taun), lan umur tuwa (31 taun munggah). Saka jinis kelamin diperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang lan jinis kelamin wadon. Dene saka perangan status ekonomi sosial kaperang dadi telu yaiku cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Status ekonomi kuwi dibedakake saka panggaweyane. Tuladhane yen status sosial cendhek kayata tani, kuli, pembantu lan wong kang ora nduweni pakaryan. Banjur status ekonomi sedhengan kayata wong sing nduwe warung, toko lsp. Dene status sosial dhuwur yaiku wirausaha sukses, PNS, utawa wong-wong kang

uripe mapan. Relasi sosial kagolongake adhedhasar sesambungan panutur lan mitra tutur. Kang kalebu ing relasi sosial yaiku sesambungane paseduluran cedhak utawa adoh, sesambungan kekancan raket utawa ora raket, lan sesambungane tangga cedhak utawa adoh. Dene kahanan sosial diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi. Dhata-dhata kang wis kapilah banjur diklumpukake adhedhasar jinise lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTNNKP.

#### **JLENTREHAN DHATA LAN ASILE PANLITEN**

Bageyan iki isine ngenani (1) jinise lageyan pangajake panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, (2) jinise pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo, (3) asil panliten lan dhiskusi.

#### **1. Jinise Lageyan Pangajake Panutur Sajrone Tindak Tutur Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo**

Subbab iki ngandharake jinise lageyane pangajake panutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo. Panutur nindakake tindak tutur ngajak, anggone medharake kekarepane ora kena daya pangaribawa dening mitra tutur utawa ora ana sumber, kabeh kuwi tuwuh amerga saka kekarepane dhewe. Jinise lageyan pangajake panutur sajrone TTNNKP iki diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara kang digunakake. Adhedhasar tatacara medharake diperang maneh dadi loro yaiku kanthi cara blaka utawa ngomong sanyatane lan ora blaka. Adhedhasar tatacara kang digunakake diperang maneh dadi loro yaiku kanthi cara langsung lan ora langsung. Saka perang-perangan kuwi banjur ditempukake karo struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur soziale yaiku umur, jinis kelamin, status sosial. Relasi soziale yaiku relasi raket lan ora raket. Kahanan soziale yaiku resmi lan ora resmi. Wujud ukara kang digunakake dening panutur ing TTNNKP iki ana telu yaiku ukara carita, ukara pakon, lan ukara takon.

##### **a. Lageyan Pangajake Panutur Blaka langsung**

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo kanthi cara blaka yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe, cara blaka digunakake panutur supaya luwih gampang dingerteni kekarepane dening mitra tutur lan ngadohi saka panampa kang beda. Cara blaka dituduhake kanthi anane tembung *ayo ngangkring*, *ayo ngopi*, *ayo nganget lan ngopi lur*. Cara kang digunakake yaiku cara langsung. Cara langsung kuwi ngandharake samubarang perkawis tanpa anane wong ketelu utawa nganggo sarana wong liya, cara iki umume kekarepane panutur langsung tumuju marang wong kang dikarepake utawa mitra tutur. Lageyan pangajake panutur

blaka langsung banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

- (1) P : Ayo ngopi?  
       ‘Ayo minum kopi?’  
 MT : Neng ndi?  
       ‘Dimana?’  
 P : Sik taktakok cah-cah.  
       ‘Sebentar aku tanya anak-anak.’  
 MT : Oke,  
       ‘Oke.’

Konteks (UE-JKL-SESC/UE-JKL-SESC-RR: ora resmi).

- (2) P : Ayo ngangkring?  
       ‘Ayo nongkrong?’  
 MT : Kapan?  
       ‘Kapan?’  
 P : Saiki  
       ‘Sekarang.’

Konteks (UE-JKL-SESC/UE-JKL-SESC-RR: ora resmi).

Dhata (1) lan (2) ing ndhuwur katindakake umur enom, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial cendhek. Mitra tuture yaiku umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial cendhek. Relasi sosiale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket, dene kahanan sosiale yaiku ora resmi.

Dhata (1) dumadi nalika wayah bengi, wektu iku P ngajak ngopi marang MT lumantar sms, nalika MT nakoni P panggon ngopine neng ngendi P ora bisa menehi wangsulan amerga P durung mangerti panggone ngopi neng ngendi, banjur P mangsuli MT yen ditakokake marang kancane ngenani panggonan ngopine neng ngendi. Dhata (2) dumadi nalika wayah sore, panutur ngajak mitra tutur sing nalika kuwi mitra tutur dolan neng omahe panutur, panutur ngajak ngopi mitra tutur kanthi tembung ngangkring sing nduweni teges ngopi neng angkringan. TTNNKP (1) lan (2) tata cara medharake yaiku blaka langsung kanthi pocapan. Cara blaka digunakake dening panutur supaya mitra tutur luwih gampang anggone nampa kekarapane panutur tanpa abang-abang lambe utawa ngomong sanyatane. Cara blaka dipih dening panutur kanggo ngedohi salah tanpa tumrap mitra tuture. Cara blaka uga dituduhake anane tembung *ayo*. Tata cara kang digunakake sajrone dhata kasebut yaiku cara langsung, tegese kekarapane panutur langsung tumuju marang wong sing diajak guneman tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara TTNNKP ing ndhuwur yaiku ukara pakon, dene relasi raket njalari basa kang digunakake basa ngoko. Dene kahanan saka dhata (1) lan (2) ing ndhuwur yaiku kahanan ora resmi.

#### a. Lageyan Pangajake Panutur Blaka Ora Langsung

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo kanthi cara ora langsung mujudake wujud direktif kang digunakake kanggo medharake apa kang dadi kekarapan. Dadi TTNNKP ora langsung kuwi titikane yaiku anane wong katelu utawa luwih sajrone guneman. Wong nindhakake kanthi lumantar wong katelu kuwi diarani meling, murih apa kang dadi welinge kuwi maeng diomongne marang wong keloro. Blaka yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe. Dadi pangerten saka lageyan pangajake panutur blaka ora langsung yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe lumantar wong katelu. Cara iki dienggo amerga pawongan sing diajak ngopi dening panutur ora ana nalika cecaturan, dadi panutur njaluk tulung utawa meling marang wong katelu supaya welinge disampekake marang pawongan sing diajak ngopi dening panutur. Cara iki dititki kanti anane tetembungan *meling wae ya, nitip ya, lan tulung omongna ya*. Lageyan pangajake panutur blaka ora langsung banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

- (3) P : Bapakmu enek?  
       ‘Ayahmu ada?’  
 MT : Taksih genduren Poh.  
       ‘Masih ke hajatan Om.’  
 P : Yawis meling wae ya, engko bar genduren diajak ngopi Pakpoh neng Danyang.  
       ‘Nitip pesan saja kalau begitu, nanti setelah hajatan diajak Om ngopi di Danyang.’  
 MT : Inggih Poh, mangke kula sanjanganen Bapak.  
       ‘Iya Om, nanti saya sampaikan ke Bapak.’  
 P : Yawis aku tak mulih kik.  
       ;Ya sudah, saya pulang dulu.  
 Konteks ( UT-JKL-SESD/UB-JKL-SESC-ROR: ora resmi).

- (4) P : Masmu neng omah dhik?  
       ‘Dik, kakakmu ada dirumah?’  
 MT : Taksih siram Mas.  
       ‘Masih mandi Kak.’  
 P : Meling wae omongna Masmu, bar magrib tak parani maneh tak jak ngopi neng Madiun.  
       ‘Pesan ya sampaikan Kakak, sehabis magrib saya kesini lagi jemput kakakmu mau saya ajak ngopi di Madiun.’  
 MT : Inggih Mas, engko tak omongne Masku.  
       ‘Iya Kak, nanti saya sampaikan ke Kakak saya.’

- P : Aku mulih sik, matur nuwun ya.  
 ‘Saya pulang dulu, terima kasih ya.’  
 MT : Inggih Mas.  
 ‘Iya Kak.’

Konteks (UE-JKL-SESS/UB-JKL-SESS-ROR: ora resmi).

Sajrone dhata (3) ing ndhuwur katindakake dening umur tuwa, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial dhuwur. Mitra tuture yaiku umur bocah, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial cendhek, relasi ora raket lan kahanan ora resmi. Dhata (4) katindakake dening umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture yaiku umur bocah, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial cendhek, relasi ora raket, lan kahanan kang ora resmi.

Dhata (3) dumadi nalika panutur sowan marang omahe wong kaloro utawa pawongan sing arepe diajak ngopi dening mitra tuture, sawise teka omahe panutur ora nemoni kancane sing arepe diajak ngopi, nanging malah ketemu karo anake sing pas wayah iku lagi neng omah dhewean. Panutur banjur takon marang bocah kasebut bapake neng ngendi lan diwangsulni yen bapak lagi genduren akhire panutur meling marang bocah kasebut supaya disampekake marang Bapake yen Bapake diajak ngopi dening panutur. Dhata iki kalebu blaka ora langsung amerga panutur ora cecaturan langsung marang uwong kang diajak ngopi, nanging lumantar wong katelu. Tata cara medharake sajrone dhata (18) yaiku kanthi cara blaka ora langsung. Blaka ora langsung ing dhata iki ditiitiki kanti anane tembung *meling wae ya*.

Dhata (4) iki kadadeyan nalika wayah sore ing omahe wong kaloro utawa pawongan sing diajak ngopi. Panutur ngajak ngopi mitra tuture kanthi mara neng omahe, nanging sawise teka omahe panutur ora ketemu marang mitra tutur amerga mitra tuture nalika kuwi lagi adus. Ing kono panutur ditemoni dening adhine pawongan sing diajak ngopi, adhine ngomongi yen mase lagi adus lan ing kono panutur meling marang adhine yen mase diajak ngopi dening panutur ing Madiun. Tata cara medharake sajrone dhata (4) iki yaiku katnthi cara blaka ora langsung. Blaka ora langsung ing dhata (4) iki ditiitiki kanthi anane tembung *meling wae*. Wujud ukara TTNNKP sajrone dhata (3) lan (4) ing ndhuwur yaiku ukara pakon, dene relasi kang ora raket antarane panutur lan mitra tutur njalari basa kang digunakake basa krama. Dene kahanan saka dhata (3) lan (4) ing ndhuwur yaiku kahanan ora resmi.

#### b. Lageyan Pangajake Panutur Ora Blaka Langsung

Tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo kanthi cara ora blaka yaiku guneman utawa maksud kuwi sangaja didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks

tartamtu. Langsung ing kene tegese yaiku panutur ngandharake samubarang perkawis tanpa anane wong ketelu utawa nganggo sarana wong liya, cara iki umume kecarepane panutur langsung tumuju marang wong kang dikarepake utawa mitra tutur. Lageyan pangajake panutur ora blaka langsung iki biyasane ditiitiki kanthi anane tetembungan samudana utawa kanthi abang-abang lambe sajrone ngandharake kecarepane panutur marang mitra tuture. Lageyan pangajake panutur ora blaka langsung banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

- (5) P : Ngangkring ngidul penak iki, bakarane kana uwenak.  
 ‘Nongkrong ke selatan enak nih, bakaran disana enak banget.’

MT : Alah ngomong wae ngajak ngopi kok gaya barang.

‘Ngomong saja kalau mau ngajak ngopi tidak usah gaya segala.’

- P : Lha kuwi wis paham. Ayo?  
 ‘Itu sudah paham. Ayo?’

MT : Budhal.  
 ‘Berangkat.’

Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-ROR: ora resmi).

- (6) P : Cara dirembug karo ngopi cocog iki.  
 ‘Cocok nih kalau seumpama didiskusikan sambil ngopi.’

MT : Cocog banget.  
 ‘Cocok banget.’

- P : Ayo dibudhalne!  
 ‘Ayo berangkat!’

MT : Oke.  
 ‘Oke.’

Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-ROR: ora resmi)

- (7) P : Hawane adhem ngene cocoge ngombe wedhang iki.

‘Hawa dingin gini cococknya minum sesuatu yang hangat,’

MT : Ngopi ta maksudmu?  
 ‘Maksud kamu ngopi?’

- P : Kuwi paham.  
 ‘Itu paham.’

Konteks (UE-JKL-SESD/UE-JKL-SESD-ROR: ora resmi).

Dhata (5) lan (6) katindakake dening umur enom, jenis kelamin lanang, lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture yaiku umur enom, status ekonomi sosial sedhengan. Relasi sosiale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket, dene kahanan sosiale yaiku ora resmi. Dhata (7) katindakake dening umur enom, jenis kelamin lanang, lan status ekonomi sosial

dhuwur. Mitra tuture yaiku umur enom, status ekonomi sosial dhuwur. Relasi soziale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi ora raket, dene kahanan soziale yaiku ora resmi.

Lageyane panutur ora blaka langsung sajrone dhata (5) lan (6) dumadi nalika bengi yaiku sawise magrib. Panutur ing dhata (5) lan (6) nggunakake konteks liya kanggo ngajak mitra tuture ngopi. Panutur lan mitra tutur sajrone dhata (5) lan (6) omong-omongan kanthi langsung ora lewat prantara piranti utawa wong katelu. Dene dhata (7) dumadi nalika sawise udan, panutur nggatekake konteks hawa adhem kanggo ngajak mitra tuture ngopi. Mitra tutur sing durung paham maksute panutur banjur menehi pitakonan ngenani maksute panutur apa kang sabenero. TTNNKP (5), (6), lan (7) tata cara medharake yaiku ora blaka kanthi pocapan. Cara ora blaka digunakake dening panutur supaya mitra tutur ora rumangsa yen diajak panutur nglakoni apa kang dikarepake dening panutur, biasane cara iki dienggo dening kekancan kang durung raket kayata tuladha ing dhata (7). Nanging kekancan kang uwis raket uga bisa nggunakake cara iki supaya luwih nregani lan ora ketok meksa marang mitra tutur sing diajak ngopi. Cara ora blaka saka dhata ing ndhuwur dituduhake anane ukara *'ngangkring ngidul penak iki'*, *'cara dirembug karo ngopi cocok iki'*, lan *'hawane adhem ngeni cocok ngombe wedhang iki'*. Tata cara kang digunakake sajrone dhata kasebut yaiku cara langsung, tegese kekarepane panutur langsung tumuju marang wong sing diajak guneman tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara TTNNKP ing ndhuwur yaiku ukara pakon, dene relasi raket njalari basa kang digunakake basa ngoko sajrone dhata (5) lan (6). Relasi ora raket sajrone dhata (7) njalari basa sing dienggo basa ngoko alus sing isih padha saling nregani sajrone omongane. Kahanan soziale saka dhata (5), (6), lan (7) ing ndhuwur yaiku kahanan sosial ora resmi.

### c. Lageyan Pangajake Panutur Ora Blaka Ora Langsung

Subbab iki ngandharake ngenani lageyan pangajake panutur ora blaka ora langsung sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo. Ora blaka utawa samudana tegese yaiku maksud sajrone guneman didhelikake ing suwalike tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tartamtu. Cara ora langsung mujudake wujud direktif kang digunakake kanggo medharake apa kang dadi kekarepan. Ora langsung kuwi titikane yaiku anane wong katelu utawa luwih sajrone guneman. Wong nindhakake kanthi lumantar wong katelu kuwi diarani meling, murih apa kang dadi welinge kuwi maeng diomongne marang wong keloro.

Dadi, lageyan pangajake panutur ora blaka ora langsung sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo yaiku ngomong kanthi abang-abang lambe utawa samudana lan lumantar wong katelu. Panutur ing kene ora blaka amerga panutur kepengin njaga pangrasane mitra tutur sing dijaluki tulung lan kanggo nregani mitra tuture. Cara iki dititiki anane ukara utawa tetembungan samudana sajrone apa kang diwedharake panutur marang mitra tuture. Lageyan pangajake panutur ora blaka ora langsung banjur ditempukake karo struktur soziale, relasi soziale, lan kahanan sosial.

(8) P : Tulung engko yen ketemu Pak Simun karo Pak Win bar magrib kon neng omahku.

'Tolong nanti kalau bertemu Pak Simun dan Pak Win habis magrib suruh ke rumah saya ya.'

MT : Nyapo? Genduren ye?

'Ada apa? Hajatan ya?'

P : Biyasa, neng gone Parti.

'Biasa, ke tempatnya Parti.'

MT : Owalah, ngopi ta?

'Oalah, ngopi ya?'

P : Iya.

'Iya.'

Konteks (UT-JKL-SESS/UT-JKL-SESS-RR: ora resmi)

(9) P : Masmu engko bar magrib kon neng gone Singgih ya.

'Kakakmu nanti setelah magrib suruh ke rumahnya Singgih ya.'

MT : Wonten napa Mas? Klumpukan pladen ta?

'Ada apa Mas? Ada kumpulan anak muda kah?'

P : Ora, ya klumpuk trus ngopi.

'Ora, ya kumpul-kumpul lanjut ngopi.'

MT : Owalah ngoten nggih.

'Oalah, begitu ya.'

Konteks (UE-JKL-SESS/UB-JKL-SESS-ROR: ora resmi)

Dhata (8) ing ndhuwur katindakake umur tuwa, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture yaiku umur tuwa, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Relasi soziale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket, dene kahanan soziale yaiku ora resmi. Dene ing dhata (9) katindakake dening umur enom, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture yaiku umur bocah, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial cendhek. Relasi soziale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi ora raket, dene kahanan soziale yaiku ora resmi.



Sajrone dhata (8) lan (9) dumadi nalika wayah sore sadurunge wektu magrib, panutur utawa pangajak ketemu lan omong-omongan kanthi langsung marang wong katelu yaiku wong sing diwelingi panutur supaya ngandani wong kaloro yen wong kaloro kuwi diajak ngopi dening panutur. Wong katelu sajrone dhata (8) yaiku pawongan sing umure sak pantaran, dene ing dhata (9) wong katelu umure luwih enom yaiku umur bocah. TTNNKP (8) lan (9) tata cara medharake yaiku ora blaka kanthi pocapan. Cara ora blaka iki digunakake supaya mitra tutur ora rumangsa dijalki tulung dening panutur lan cara ora blaka iki luwih nregani marang mitra tutur sing diajak. Cara ora blaka uga dituduhake anane ukara *'Tulung engko yen ketemu Pak Simun karo Pak Win bar magrib kon neng omahku', 'Masmu engko bar magrib kon neng gone Singgih ya'*. Tata cara kang digunakake sajrone dhata kasebut yaiku cara ora langsung, tegese yaiku katindhakake kanthi anane wong katelu lan panutur meling marang wong katelu supaya apa kang dadi welinge kuwi maeng diomongne marang wong keloro. Wujud ukara TTNNKP ing ndhuwur yaiku ukara pakon. Relasi raket sajrone dhata (8) njalari basa kang digunakake basa ngoko lan dumadi kanthi kahanan kang ora resmi. Dene dhata (9) nggunakake basa krama amarga relasi panutur lan mitra tutur ora raket lan kahanane ora resmi.

## 2. Jinise Pananggape Mitra Tutur Sajrone Tindak Tutur Ngajak Ngopi ing Kabupaten Ponorogo

Subbab iki ngandharake jinise pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing kabupaten Ponorogo. Guneman bisa lumaku kanthi prayogi yen ana pananggape saka mitra tutur, amarga pawongan nindhakake pangajak kuwi mesthi nduweni tujuwan. Pananggape mitra tutur ing kene bisa ditampa utawa ditampik nggunakake pocapan, lan ana kang nggunakake salah bawa. Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo kang cukup diwangsulni tanpa anane tumindak kuwi kalebu tindak tutur ilokusi, dene kang katindakake kalebu tindak tutur perlokusi.

Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo adhedhasar pananggape mitra tutur diperang dadi papat yaiku, pananggape mitra tutur nampa kanthi pocapan, pananggape mitra tutur nampa kanthi salah bawa, pananggape mitra tutur nampik kanthi pocapan, pananggape mitra tutur nampik kanthi salah bawa sajrone TTNNKP. Saka perang-perangan kuwi banjur ditempukake karo struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur sosiale yaiku umur, jinis kelamin, lan status sosial. Relasi sosiale yaiku relasi raket lan ora raket. Kahanan sosiale yaiku resmi lan ora resmi.

### a. Pananggape Mitra Tutur Nampa Kanthi Pocapan

Pananggape mitra tutur nampa kanthi pocapan sajrone TTNNKP yaiku pangajake panutur marang mitra tutur kuwi diwangsulni nggunakake pocapan, sawise diwangsulni kanthi pocapan mitra tutur nindakake apa kang dikarepake dening panutur yaiku ing kene ngopi. Titikane yaiku anane tembung "iya" kanggo mangsulni pangajake panutur. Saliyane tembung "iya" uga isih ana tembung maneh sing biyasane diucapake dening mitra tutur nalika nanggapi pangajake panutur kayata, "budhal tok", "ayo", lan liya-liyane. Nanging sing kerep dienggo dening mitra tutur yaiku tembung "iya" kang wis umum lan lumrah dienggo. Pananggape mitra tutur nampa kanthi pocapan banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

- (10) P : Ngetan yo! Nggolek anget-angetan.  
'Ke Timur yuk! Mencari kehangatan.'
- MT : Sapa wae?  
'Siapa saja?'
- P : Iki sing gelem Wahyu karo Satrio,  
Tendy karo Didy jik durung mbales sms ku.  
'Ini yang mau Wahyu sama Satrio,  
Tendy sama Didy masih belum membalas sms ku.'
- MT : Yawis ngenteni Tendy karo Didy  
mbales sik wae.  
'Yasudah nunggu balasan Tendy sama  
Didy dulu saja.'
- P : Gelem ta tapi awakmu?  
'Mau kan tapi kamu?'
- MT : Budhal tok kene.  
'Pasti berangkat.'
- Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR:  
ora resmi)
- (11) P : Aan yo?  
'Aan yuk?'
- MT : Saiki?  
'Sekarang?'
- P : Iya lur.  
'Iya kawan?'
- MT : Meluncur.  
'Berangkat?'

Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR:  
ora resmi)

Dhata (10) lan (11) ing ndhuwur katindakake umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture yaiku umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Relasi sosiale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket, dene kahanan sosiale yaiku ora resmi.

Sajrone dhata (10) dumadi nalika wayah bengi, wektu iku panutur ngajak ngopi marang mitra tutur lumantar sms. Mitra tutur ing kene ora langsung ngiyani

pangajake panutur, nanging mitra tutur nakoni sapa wae sing diajak ngopi dening panutur. Sawise panutur menahi wangsulan ngenani sapa-sapa wae sing diajak ngopi banjur mitra tutur semaur iya marang panutur. Dhata (11) dumadi nalika bengi sawise isya'. Heru minangka panutur nelpun Rizky kanggo diajak ngopi. Rizky sing nalika kuwi lagi sumpeg neng omah ora mikir suwi langsung gelem lan nrima pangajake Heru kanggo ngopi. Pananggape mitra tutur nampa kanthi pocapan sajrone dhata (10) lan (11) dituduhake kanthi anane tambung 'budhal tok' lan 'meluncur'. Panutur ing dhata (10) lan (11) tata cara medharake kanthi cara blaka. Saengga mitra tutur langsung tanggap lan menahi wangsulan gelem tumrap pangajake panutur. Tata cara kang digunakake yaiku kanthi cara langsung tegese kekarepane panutur langsung tumuju marang mitra tutur tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara sajrone dhata kasebut yaiku nggunakake ukara pakon dene relasi kang raket antarane panutur lan mitra tutur sing njalari basa kang dienggo basa ngoko. Dene kahanane yaiku ora resmi.

#### b. Pananggape Mitra Tutur Nampa Kanthi Solah Bawa

Pananggape mitra tutur nampa kanthi solah bawa sajrone TTNNKP yaiku pangajake panutur ditampa dening mitra tutur kanthi wujud solah bawa. Mitra tutur nglakoni apa kang dikarepake dening panutur, diwangsulni ora nganggo pocapan nanging nggunakake solah bawa. Titikane yaiku anane solah bawa saka mitra tutur kayata solah bawane sirah mantug, jempol tangan didegake, lan ngadeg banjur mlaku nyusul marang sing ngajak utawa panutur. Solah bawa yaiku samubarang kang kawetu saka tumindak. Pananggape mitra tutur nampa kanthi solah bawa banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

(12) P : Ayo ngopi cah?  
'Teman ayo ngopi?'  
MT : -  
Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR: ora resmi)

(13) P : Ayo tuku wedhang?  
'Ayo beli minuman hangat?'  
MT : -  
Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR: ora resmi)

Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo dhata (12) lan (13) ditindakake dening umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku kekancan kang cedhak utawa relasi raket, dene kahanane yaiku ora resmi.

Dhata (12) lan (13) ing ndhuwur dumadi nalika awan. Ing dhata kasebut pananggape mitra tutur ngenani pangajake ngopi panutur yaiku siraha mantug. Mantug ing kene nduweni teges mitra tutur sarujuk marang pangajake panutur. Senajan ta ora disemauri kanthi pocapan nanging solah bawa uga bisa gambarake ngenani gelem apa orane mitra tutur nalika diajak ngopi dening panutur. Solah bawa yaiku samubarang kang kawetu saka tumindak. Pananggape mitra tutur nampa kanthi solah bawa sajrone dhata kasebut ditiiki kanthi anane solah bawa 'sirah manthuk' kanggo mangsulni pangajake panutur. Pananggape mitra tutur nampa kanthi solah bawa bisa dumadi yen panutur lan mitra tutur cecaturan langsung ora lumantar wong katelu lan sarana piranti liya. Tata cara medharake sajrone dhata (12) lan (13) kanthi cara blaka. Blaka tegese yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe. Tata cara kang digunakake yaiku kanthi cara langsung tegese kekarepane panutur langsung tumuju marang mitra tutur tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara sajrone dhata kasebut yaiku nggunakake ukara pakon dene relasi kekancan kang raket antarane panutur lan mitra tutur sing njalari basa kang dienggo basa ngoko. Dene kahanane saka dhata ing ndhuwur yaiku ora resmi.

#### c. Pananggape Mitra Tutur Nampik Kanthi Pocapan

Mitra tutur nampik lageyane panutur amarga nduweni alasan dhewe-dhewe, bisa panutur ora gelem nindakake pangajake panutur. Pananggape mitra tutur nampik kanthi pocapan sajrone TTNNKP yaiku pangajake panutur marang mitra tutur kuwi diwangsulni nggunakake pocapan, sawise diwangsulni kanthi pocapan mitra tutur ora nindakake apa kang dikarepake dening panutur. Titikane anane tembung *wegah*, *males*, *emoh* lan ukara kang isine ora sarujuk marang pangajake panutur. Pananggape mitra tutur nampik kanthi pocapan banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

(14) P : Ayo ngidul golek anget-angetan?  
'Ayo mencari yang hangat-hangat di selatan?'

MT : Males aku.  
'Saya lagi malas.'

Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR: ora resmi)

(15) P : Ayo golek anget-angetan?  
'Ayo mencari yang hangat-hangat?'

MT : Aku engko enek genduren.  
'Saya nanti ada undangan hajatan.'

Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR: ora resmi)

Dhata (14) lan (15) ing ndhuwur katindakake umur enom, jenis kelamin lanang, status ekonomi sosial

sedhengan. Mitra tuture yaiku umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Relasi sosiale saka panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket, dene kahanan sosiale yaiku ora resmi.

Tindak tutur ngajak ngopi sajrone dhata (14) dumadi nalika wayah bengi. Panutur ing dhata iki ngajak mitra tutur kanggo nindakake apa kang dadi keparepane yaiku ngopi. Panutur ing dhata iki kandha kanthi blaka langsung marang mitra tuture. Sajrone dhata (15) uga dumadi nalika bengi. Panutur dolan neng omahe mitra tutur lan ngajak supaya gelem ngopi karo dheweke. Pananggape mitra tutur nampik kanthi pocapan sajrone dhata (14) lan (15) dititiki kanthi anane tembung '*males aku*', '*sik ta*'. Tetembungan kasebut bisa dadi titikan amerga saka tembung kasebut bisa gambarake yen ta mitra tutur ora gelem nindakake kagiyatan kaya dene sing dikarepake dening panutur. Tata cara medharake sajrone dhata (14) lan (15) kanthi cara blaka. Blaka tegese yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe. Tata cara kang digunakake yaiku kanthi cara langsung tegese keparepane panutur langsung tumuju marang mitra tutur tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara sajrone dhata kasebut yaiku nggunakake ukara pakon dene relasi kekancan kang raket antarane panutur lan mitra tutur sing njalari basa kang dienggo basa ngoko. Dene kahanane saka dhata ing ndhuwur yaiku ora resmi.

#### **d. Pananggape Mitra Tutur Nampik Kanthi Solah Bawa**

Pananggape mitra tutur nampik kanthi solah bawa sajrone tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo yaiku pangajake panutur ditampik dening mitra tutur kanthi wujud solah bawa. Ing kene mitra tutur ora nindakake apa kang dikarepake dening panutur, diwangsulni ora nganggo pocapan nanging nggunakake solah bawa kayata solah bawane sirah utawa tangan. Titikane yaiku solah bawane sirah digelengake lan tangan ditawe-tawekane pratandha yen mitra tutur wegah lan ora gelem nglakoni apa kang dikarepake dening panutur yaiku ngopi. Pananggape mitra tutur nampik kanthi solah bawa banjur ditempukake karo struktur sosiale, relasi sosiale, lan kahanan sosial.

- (16) P : Ayo ngopi?  
          'Ayo ngopi?'  
MT : -  
Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR:  
ora resmi).
- (17) P : Ayo golek wedhang?  
          'Ayo beli minuman hangat?'  
MT : -  
Konteks (UE-JKL-SESS/UE-JKL-SESS-RR:  
ora resmi).

Dhata (16) lan dhata (17) katindakake dening umur enom, jinis kelamin lanang, lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture umur enom, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan. Sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku paseduluran kang cedhak utawa relasi raket, dene kahanane yaiku ora resmi.

Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabuipaten Ponorogo (16) iki dumadi nalika wayah esuk. Panutur sing sak kosan karo mitra tutur tangi nalika krungu adzan Subuh banjur ngerti yen mitra tutur durung turu kat mambengi panutur ngajak mitra tuture ngopi. Mitra tutur sajak ora semaur nanging solah bawane ndhudhuhake yen mitra tutur ora sarujuk karo pangajake panutur. Mitra tutur ing dhata iki gedheg-gedhegake sirahe pratandha ora gelem tumrap apa kang dikarepake dening panutur. Ing dhata (17) dumadi nalika wayah bengi sawise genduren neng tanggane. Panutur lan mitra tutur sing papasan neng ndalan banjur mandheg kanggo omong-omongan lan ing kono uga panutur ngajak mitra tutur ngopi. Mitra tutur ora semaur nanging solah bawane ndhudhuhake yen mitra tutur ora gelem lan ora nrima pangajake panutur. Mitra tutur ing kene gedheg-gedhegake sirahe pratandha ora nrima pangajake panutur. Pananggape mitra tutur nampik kanthi solah bawane dhata (16) lan (17) dititiki kanthi solah bawane mitra tutur sing gedheg-gedhegake sirahe. Solah bawane mitra tutur sing kaya mangkono ndhudhuhake yen mitra tutur ora nrima ajakane panutur. Wis umum ing bebrayan yen solah bawa sing kaya mangkono nduweni teges ora sarujuk marang apa kang dadi keparepane panutur. Nampik kanthi solah bawa dianggep lumrah yen antarane panutur lan mitra tutur nduweni status kekancan kang raket. Tata cara medharake sajrone dhata (16) lan (17) kanthi cara blaka. Blaka tegese yaiku ngomong sanyatane tanpa abang-abang lambe. Tata cara kang digunakake yaiku kanthi cara langsung tegese keparepane panutur langsung tumuju marang mitra tutur tanpa lumantar wong katelu. Wujud ukara sajrone dhata kasebut yaiku nggunakake ukara pakon dene relasi kekancan kang raket antarane panutur lan mitra tutur sing njalari basa kang dienggo basa ngoko. Dene kahanane saka dhata ing ndhuwur yaiku ora resmi.

#### **Asile Panliten lan Dhiskusi Asil Panliten**

Adhedhasar andharan lan jlentrehan asil panliten, ditemtokake jinise TTNNKP adhedhasar lageyan pangajake panutur lan pananggape mitra tutur ing Kecamatan Babadan, Kabupaten Ponorogo. Jinis TTNNKP adhedhasar lageyan pangajake panutur ana papat yaiku, lageyan pangajake panutur blaka langsung, lageyan pangajake panutur blaka ora langsung, lageyan pangajake panutur ora blaka langsung, lan lageyan pangajake panutur ora blaka ora langsung. Jinis

TTNNKP pananggape mitra tutur uga diperang dadi papat yaiku, pananggape mitra tutur nampa kanthi pocapan, pananggape mitra tutur nampa kanthi salah bawa, pananggape mitra tutur nampik kanthi pocapan, lan pananggape mitra tutur nampik kanthi salah bawa.

Jinise TTNNKP ing Kecamatan Babadan, Kabupaten Ponorogo ditemtokake dening konteks yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur sosial yaiku umur, jinis kelamin, status ekonomi sosial. Kanthi dhasar umur ana umur bocah, umur enom, lan umur tuwa. Saka jinis kelamin diperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang lan jinis kelamin wadon. Ing panliten iki mung jinis kelamin lanang sing dadi objek panliten amarga wong wadon ngopi neng angkringan utawa warung kuwi isih jarang senajan ta ana nanging sithik banget, mula saka kuwi panliti mung nлити marang jinis kelamin lanang. Dene saka struktur sosiale P lan MT diperang dadi telu yaiku status ekonomi sosial cendhek, sedhengan lan dhuwur. Saka relasi sosiale diperang dadi loro yaiku relasi sosial raket lan relasi sosial ora raket.

Lageyan pangajake panutur blaka langsung kerep banget lan umum digunakake sajrone TTNNKP, amarga kanthi cara blaka langsung, panutur bisa luwih amba cakupan tuturane kanggo ngandharake apa kang dadi kekeparepane saengga bisa langsung tumuju marang wong sing dijak guneman. Cara blaka kang digunakake panutur yaiku blaka tanpa abang-abang lambe. LP blaka tanpa abang-abang lambe sajrone TTNNKP umume digunakake dening panutur kang nduweni relasi cedhak karo mitra tutur. Relasi cedhak utawa relasi raket ing TTNNKP iki yaiku bisa kanca cedhak, tangga cedhak, lan dulur cedhak. Blaka langsung ing TTNNKP iki nduweni drajad kasantunan kang cendhek, amarga panutur nggunakake basa Jawa ngoko, lan ora sungkan nalika ngajak MT nuruti kekeparepane P yaiku ngopi. Bab iki cundhuk karo panemune Chaer (2010:69) yen saya cedhak sesambungan sosial antarane P lan MT mula saya kurang santun tuturan kasebut. Panutur nggunakake basa karma umume ditujokake marang wong sing statuse luwih dhuwur saka P tujuwane kanggo ngormati MT. Saliyane kuwi TTNNKP luwih kerep ditindakake dening umur enom jinis kelamin lanang, iki disebabake wong enom tingkat kesantunane luwih cendhek tinimbang wong sing umure luwih tuwa. Bab iki jumbuh karo panemune Chaer (2010:65) yen saya enom umure panutur saya cendhek tingkat kesantunane.

Lageyan pangajake panutur blaka ora langsung sajrone TTNNKP mung kadhang kala wae digunakake dening panutur. Bab iki disebabake amarga yen nggunakake wong katelu, kekeparepane P ora langsung ditampa marang wong sing dikarepake, lan bisa nuwuhake bab kang beda. Bab iki jumbuh karo panemune Chaer (2010:67) yen saya ora langsung

sawijine tuturan mula saya santun tuturan kuwi. TTNNKP kanthi cara blaka ora langsung isih tetep ana sing nggunakake senajan ta mung sithik lan ora kabeh tingkatan umur lan status sosila nggunakake cara kasebut. Cara blaka ora langsung mung ditindakake umur enom lan tuwa. Cara ora langsung ditindakake dening panutur, amarga panutur ora ketemu langsung karo mitra tuture, banjur lewat wong katelu panutur medharake pangajake ngopi supaya disampekake marang mitra tutur utawa wong sing diajak ngopi kasebut.

TTNNKP ora blaka digunakake dening panutur kanggo ngormati mitra tutur. Cara ora blaka luwih santun ketimbang cara blaka, amarga kanthi cara ora blaka mbuktakake yen panutur isih nduweni rasa kurmat marang mitra tuture. Cara ora blaka iki wis lumrah digunakake sajrone TTNNKP wiwit saka umur bocah nganti umur tuwa, amarga ing Ponorogo isih kenthel banget njaga rasa pangrasa nalikane P ngajak ngopi MT. Cara iki dianggep luwih pantes dienggo tinimbang cara blaka, awit cara iki P ora matur sanyatane ngenani apa kang dadi kekeparepane, nanging ngatekake konteks liya kanggo ndhudhuhake kekeparepane marang MT lan kanthi cara iki uga panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora meksa mitra tutur.

TTNNKP ora blaka ora langsung ing Kecamatan Babadan, Kabupaten Ponorogo isih ditemokake senajan ta mung *minoritas*. Cara iki biyasane dienggo nalika P ora bisa ketemu MT lan niat ngajak ngopine P banjur diaturake marang wong katelu, nanging P nalika matur marang wong katelu nggunakake abang-abang lambe lan ora langsung matur sanyatane. Konteks sing biyasane kanggo matur marang wong katelu yaiku panggonan, jeneng lan tembung 'tak enteni neng biyasane'. Cara iki kerep dienggo dening umur tuwa, nanging umur enom uga ana sing nggunakake cara iki. Mokal umur bocah nggunakake cara kasebut.

Jinis TTNNKP adhedhasar pananggape mitra tutur ana papat yaiku nampa kanthi pocapan, nampa kanthi salah bawa, nampik kanthi pocapan, lan nampik kanthi salah bawa. TTNNKP iki ora ditemtokake dening lageyan pangajake panutur, ing TTNNKP iki antarane LP lan PMT ngadeg dhewe-dhewe. Panutur kang nggunakake cara blaka langsung luwih akeh ditampa kanthi pocapan lan salah bawa dening MT, lageyan iki bisa ditampa uga ditampik. Lageyan pangajake panutur blaka ora langsung bisa ditampa uga ditampik kanthi pocapan. Lageyan pangajake panutur ora blaka langsung bisa ditampa uga ditampik kanthi pocapan, uga bisa ditampa utawa ditampik kanthi salah bawa. Dene lageyan pangajake panutur ora blaka ora langsung mung bisa ditampa utawa ditampik kanthi pocapan. Mula saka kuwi bisa didudut yen cara blaka luwih gampang dingerteni dening mitra tutur, lan cara langsung luwih bisa tumuju

marang wong kang dikarepake. PMT kanthi cara kinesik kanggo nampa lan nampik nggunakake cara kinesik umume ana posisi kang cedhak antarane panutur lan mitra tutur, saengga panutur bisa ndeleng PMT kang kinesik.

TTNNKP iki beda karo tindak tutur liyane, kayata tindak tutur ngajak basa jawa mawa dhialek Surabaya dening Galuh Citra Utama. Senajan ta padha-padha tindak tutur ngajak kang direktif nanging TTNNKP iki luwih umum ngenani bab basa kang dienggo, yen gone Galuh luwih nengeneke pangajak mawa dhialek Surabaya, lan uga lokasi panliten sajrone TTNNKP luwih amba amarga ing panliten iki lokasi kanggo nggolek dhata yaiku sak kecamatan beda karo gone Galuh sing mung njupuk dhata saka sak Desa. Sajrone TTNNKP iki ora ana sumber kanggo nemtokake LPP lan MT, amarga LPP lan MT ngadeg dhewe-dhewe adhedhasar struktur sosial, relasi soziale, lan kahanan soziale.

## PANUTUP

Sajrone bageyan iki isine ngenani dudutan asil panliten lan pamrayoga ngenani panliten saka panliti.

## Dudutan

Tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo dumadi tanpa anane sumber saka mitra tutur kang njalari, TTNNKP iki dumadi karena kekeparepan panutur dhewe tanpa oleh pangaribawa saka mitra tutur. TTNNKP adhedhasar lageyane panutur diperang dadi patang perangan gedhe, adhedhasar pananggape mitra tutur uga diperang dadi papat perangan gedhe. Kabeh kuwi ditempukake karo struktur sosial lan relasi sosial. Struktur soziale yaiku umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Dene relasi soziale yaiku relasi raket lan relasi ora raket. Jinise lageyane panutur ana papat. Dideleng saka cara medharake lan tata cara kang digunakake yaiku blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, lan ora blaka ora langsung. LPP ora blaka langsung kerep ditindakake ketimbang cara ora blaka ora langsung dening masyarakat Kecamatan Babadan Kabupaten Ponorogo. Jenis ukara kang kerep digunakake yaiku ukara pakon.

Pananggape mitra tutur ing TTNNKP ora ditemtokake dening LPP, ananging ngadeg dhewe adhedhasar struktur lan relasi sosial. PMT diperang dadi patang perangan gedhe yaiku nampa kanthi pocapan, nampa kanthi salah bawa, nampik kanthi pocapan, lan nampik kanthi salah bawa. Saka perangan gedhe kuwi banjur ditempukake karo struktur soziale yaiku umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Dene relasi soziale diperang dadi loro yaiku relasi raket lan relasi ora raket. PMT nampa kanthi salah bawa luwih kerep

digunakake dening mitra tutur sing nduweni relasi raket tumrap panutur. PMT nampik kanthi pocapan luwih kerep digunakake dening mitra tutur kang relasi soziale ora raket marang panutur.

Struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial menahi daya pangaribawa tumrap TTNNKP iki. Status sosial sedhengan luwih kerep nindakake TTNNKP iki ketumbang status sosial kang dhuwur. Adhedhasar umure TTNNKP iki luwih kerep digunakake dening umur enom lan umur tuwa. Adhedhasar jinis kelamin, mung jinis kelamin lanang sing nindakake TTNNKP.

## Pamrayoga

Panliten ngenani jinise TTNNKP kang diprinci kanthi pitakonan adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTNNKP tanpa anane sumber kanthi landhasan struktur sosial, relasi sosial lan kahanan sosial isih akeh kang diteliti kanthi jeru. Dhata kang kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa isih akeh kurange. Mula saka kuwi tindak tutur ngajak ngopi ing Kabupaten Ponorogo isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

## KAPUSTAKAN

- Antunshono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbitan Soejadi
- Arifin dkk, Syamsul. 1987. *Tipe Kalimat Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Basir, U. P. M., & Amirotul, R. (2015). Adolescents Java Dialectic in Surabaya Bilingual Images and Optional Language Model in Java Community. *International Journal of Humanities and Social Science*, 179-188
- Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- Kementrian "Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan. 1946. *Karti Basa*. Jakarta: kementrian "Kementrian Pengadjaran dan Keboedajaan"
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman
- LIBRALIA, U., & ADIPITOYO, S. (2015). TINDAK TUTUR TAWA DAGANGAN DENING BAKUL MIDER ING DESA SEMBUNGREJO KECAMATAN PLUMPANG KABUPATEN TUBAN. *BARADHA*, 3(2).
- Moleong, Lexy J. 2010. *Teknik Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya

- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Padmoesoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T Citra Jaya Murti
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kplff N.V
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof Kolff N.V
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sasangka, Sri Satrya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sudaryanto, 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguis*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- SURANA, S., HUM, M., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. (2015). *VARIASI BAHASA DALAM STIKER HUMOR* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada).
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Andi Offset
- Yule, George. 2006. *Pragmatik* (kajarwakake dening Rombe Mustajab). Yogyakarta: Pustaka Pelajar